

Kominyon An/ Sent Sèn Lan

57- 0418

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 ...Seyè a. E se sèten nou ekskize nou poutèt nou pa gen plas chita pou rann moun yo konfòtab, ak sa yo ke yo—ke—yo te oblije ale a leksteryè. Mwen jis te tande, sa fè yon ti moman, yon kote nou ka jwenn yon teyat lan New Albany, ki ka pran petèt apeprè twa mil moun. Men nou senpleman te jis...Revèy la se te jis pou ti gwoup isit la nan legliz la. E—e nou jis nan yon ti moman vini-lakay. E nou trè kontan pou wè nou tout anndan.

2 Si m pa twonpe m, m ap gade frè Georgia m lan la. Frè, m jis pa sonje non w la; Palmer, ki sot Macon, Georgia. Nou kontan genyen w isit la, Frè Palmer.

Frè Creech, la devan an, nou kontan wè w.

3 E m konnen ke kèkpa nan bilding lan gen Doktè Lee Vayle, youn nan moun ki parene reyinyon Lima, Ohio a—a, kote nan...Li se pastè Premye legliz Batis, e yon—yon zanmi pèsonèl mwen. Li te anwo lakay jodi a, e li vini pou vizite avèk nou atravè reyinyon sa. Pwobableman, youn nan nwit yo, n ap mande l pou monte epi di yon bagay. M te eseye met men sou li pou pran plas mwen aswè a, pou pale, li te refize sa. Kifè nou espere, petèt, se va petèt demen swa, oswa a on moman done, Frè Vayle ou youn nan...va kapab di yon mo ou de, konsènan petèt reyinyon an oswa yon bagay anwo a la, kèlkeswa sa Seyè a mete sou kè l.

4 Gen lòt moun isi a ke m swete m te ka jis pran tan pou idantifye yo tout, men nou kontan poutèt ou isi a. Mwen wè yon ti zanmi dèyè laba, ki fè pati de yon gwoup minis ki vini, ki t ap vizite avè m apremidi a, ki sot Arkansas ak Missouri tou.

5 E kounye a, aswè a, nou vle rachte tan an, paske chak swa n ap eseye fini pou nevè, si posib. Aswè a se sware Kominyon, kidonk sa ap jis on ti jan dire pi ta ke dabitid.

6 Demen swa, si Seyè a vle, m vle preche sou: *Kidonk Vin Pafè e Sakrifis Pafè A*, demen swa. E, apres, se Vandredi Sen.

7 Alòs Samdi swa se *Ansevelisman An*, si Seyè a vle.

8 Dimanch maten, sèvis Avanjou a sizè. Epi a dizè, gen yon sèvis batèm. E a dizè trant, se leson lekòl Dimanch, pou rezirèksyon an.

9 E Dimanch swa, yon sèvis gerizon regilye tankou nou konn genyen a leksteryè nan–nan chan evanjelik la.

10 Kifè, bon nou fè konfyans ke n ap kontakte zanmi pechè yo, e latriye, pou vini epi rete avèk nou, pou ede reyinyon sa k ap vini an...pou ap kontinye reyinyon sa, pito.

11 Mwen gen yon nouvo Bib, aswè a, yo te ban mwen l, se te frè Dunkard. E se yon gwo koze. Se premye fwa m te janm ap preche avè L. Li on tijan jenan pou mwen.

12 Bon, mwen konnen ke nou rankontre pou yon sèl bi, se, pou–pou mennen koz Kris la pi lwen, epi jwenn lapè lan nanm nou, ak pou rann nou pi bon gason ak fanm, pi bon sèvitè Seyè a. E si nou ta vini pou yon lòt ide, enben, lè sa nou pap resevwa benediksyon Seyè a. Nou vin chache èd. Nou vini, pou ap tann Bondye. E sa a se kay pou koreksyon an, kote Bondye bannou benediksyon L yo, epi korije mal nou yo.

Kounye a jis anvan nou louvri Pawòl la, oswa–oswa mande Sentespri a pou ede nou, annou koube tèt nou.

13 Pè Selès ki beni an, nan Prezans Divin Ou nou prezante tèt nou kounye a, antan ke moun k ap koute Levanjil, e antan ke moun k ap pwononse Pawòl la; sikonsi bouch nou k ap pale, ak zòrèy nou k ap koute, epi kè nou k ap resevwa. Epi ke Sentespri a ka separe pou nou, aswè a, pou nou kominike Verite gras Etènèl Bondye yo, bay nou chak; pou ke lè nou va kite bilding sa, aswè a, nou va di tankou sila yo ki t ap soti sou wout

E mayis la, “Èske kè nou patap brile anndan nou, pandan Li t ap pale avèk nou sou tout wout la?” Paske nou mande sa lan Non Jezi. Amèn.

14 La nan Liv Levanjil selon Sen Matye, nan chapit 26 la, vèsè 27 ak 28, kòm tèks ke mwen vle li.

*[27](#) Apre sa, li pran yon gode diven, li di Bondye mèsi, li pase l' ba yo, li di: Se pou nou tout nou bwè ladan li.*

*[28](#) Paske, sa se san mwen, san ki siyen kontra Bondye fè a, san ki koule pou anpil moun jwenn padon pou peche yo.*

*[29](#) M'ap di nou sa: Depi jòdi a, mwen p'ap janm bwè diven ankò jouk jou m'a bwè yon lòt diven ansanm ak nou nan peyi kote Papa m' wa a.*

15 E kounye a nou pral pale sou: *Kominyon/Sent Sèn Lan*. Sa a se nwit Sent Sèn orijinal la.

16 E Sent Sèn te fèt, premye fwa lontan lontan nan peyi Lejip, premye sent sèn lan, ki te ayo pak la–la ki te sakrifye a, ki te yon tip Kris. Anpil lan nou abitye ak ansyen istwa beni sa, jan ke sa yo ki te pran kominyon an anba la, yo te mache atravè dezè a pandan karantan. E lè yo te soti, pat gen yon sèl fèb pami yo. E lè sa, menm rad yo pat menm abimen, pandan karant lane Bondye te gade yo.

Ala yon asirans beni sa ye pou nou aswè a! Si sa se te tip la, alò Kris se antitip la. Epi ala yon fason Bondye te delivre timoun yo!

17 E, pandan w ap pran kominyon an, se te diferans ant lavi e lanmò. Sila yo ki te anndan, anba san ki te vèsè a, yo te pran kominyon. Pèsonn patka pran kominyon an aleksteryè pandan l te anba san vèsè a. San ayo a te vèsè dabò, apres a yo te mete l sou kadraj ak montan pòt la...kadraj la reprezante bwa lakwa a, epi sou montan pòt la. Apres a yo te roti ayo a, e li te...yo te manje l ak zèb anmè, e yo te mare senti yo. Apre san an te fin vèsè, e yo te fin pase anba san vèsè a, ren yo te mare e yo te prè pou mach la.

18 E la se yon trè bèl tip aswè a, de, moun yo k ap pran Kominyon/Sent Sèn lan se pa pou yo asosye oswa afilye ak bagay nan mond lan ankò. Yo dwe vini anba San an dabò, pou yo netwaye pou tout peche, ki se enkredilite, e apres mete soulye preparasyon Levanjil la, pou ap pote tout abiman Bondye a an antye, prè pou resevwa lòd a tou moman.

19 E se te siy-siy ke anj lanmò a patka ale anba san sa. Anj lanmò a te oblije souleve pou pase anlè tèt san an. Men ki kote powèt la jwenn enspirasyon an, pou ap di, “Kan M va wè San an, M va pase anlè tèt ou.”

Se te prèske moman delivrans lan lè yo te aksepte kominyon an, ayo roti a—a ak zèb yo ke yo te pran anvan yo kite.

20 Kounye a nan antitip nou pral pale sou li a, sa te fè anpil lane, aswè a, ke Jezi te pran sa nou konnen kòm etan soupe Seyè a, kominyon/sent sèn lan. E genyen yon bagay konsènan sa, ke, Li ta pral pale ak disip Li yo. E jis anvan L te pati, Li te vle regle sa avèk yo. E se yon...Yo te gen yon chanm prepare. Se te yon tan pou fratènize. E Kominyon vle di fratènize.

21 Anpil nan legliz yo gen kominyon/sent sèn “fèmen”, sa se, jis pou pwòp legliz yo lè y ap sèvi kominyon. Men isit la nou pa yon denominasyon. Nou gen yon sèvis kominyon louvri, pou tout moun, paske nou kwè ke chak kwayan gen dwa patisipe sou tab Seyè a, pou fratènize otou bon bagay Bondye yo, ak tout kwayan, pe enpòt kredo, koulè, oswa kèlkeswa sa li ka ye a. Pou ke, tout moun vin patisipan nan menm benediksyon an, Kris.

22 Bon, gran moman sa a te rive pou Seyè nou an, youn nan moman ki pi difisil nan tout pelerinaj terès li te jis toupre. Moman tè la! Jezi te oblije pase atravè eprèv, jis menm jan n ap pase atravè eprèv. E Bib la di sa, “Chak pitit ki vin jwenn Bondye, dwe teste dabò, antrene, korije.”

23 Bon, pou anpil moun, se yon defi lè moman tè la vini. Se yon tan pou ap pwouve. E Bib la di, “Si nou paka sipòte tè , alò nou se pitit ilejitim,” n ap pretann Bondye se Papa nou, men Li pa Papa nou. Paske si nou te resevwa kòrèkteman, e ak tout kè nou, Seyè

Jezi kòm Sovè pèsonèl nou, pa gen anyen sou tè sa oswa nan tout etènite sonb ki ka—ka janm separe nou de lanmou Bondye ki nan Jezikri.

24 Mwen etone nan jou sa yo, e m te konn toujou konsa lè moun yo pretann yo se Kreyen, epi, premye ti eprèv ki vini, yo tonbe a kote. Sa montre ke se te yon konsepsyon entèlekyèl de Kris. Se poutèt rezon sa gen sitèlman moun ki paka andire jodi a, se paske se yon konsepsyon entèlekyèl. Entèlekyèlman, ou ka kwè L, men L al pi lwen ke sa. Aksepte Kris, se aksepte Kris an Pèsòn.

25 Anpil lan nou aksepte relijyon Krisyanis la sou aprantisaj kredo. Lòt aksepte Krisyanis sou doktrin batèm. Lòt kwè ke yo se Kreyen akòz de kèk emosyon yo te egzèse, tankou kriye ap rele, oswa danse nan Lespri, oswa pale an lang, oswa genyen kèk don mèveye pou prezante. Tout bagay sa yo bon nan plas yo. Men, aksepte Kris, se aksepte Kris an Pèsòn, e alò lòt bagay sa yo ap jis otomatikman vin an plas.

26 Kounye a, si Bondye pat epaye Pwòp Pitit Li de tès kriyèl, alò Li pap epaye w oswa mwenmen de tès kriyèl la.

27 E la Jezi te konfwonte ak pi gwo tès ke L te janm genyen, Jetsemane te jis etann devan L, kote tès sifizan pou tout bagay la e ki t ap fèt yon sèl fwa a te dwe vini [Espas vid sou bann lan—Editè a.] alòske fado lemond antye te repoze sou zèpòl beni Li a. Pat gen pèsonn nan tout Syèl ak tè a ki te ka janm andire l ke Limenm. E pou w pran konsyans ke tout peche nèt, peche pase, prezan, ak fiti, te repoze sou desizyon sa a. E se te youn nan pi gwo vikwa ke Kris te janm ranpòte. Tout demon k ap toumante yo te toutotou pou tante L e pou teste L.

28 E Kan nou annòd ak Bondye, kan kè nou vin pi, epi Sentespri a pran plas Li nan kè nou, se bagay ki pi gloriye pou w sibi yon tès. Bib la di nou ke, “Tès ak eprèv nou yo pi presye pou nou ke lajan ak lò mond lan.” Kifè nou gen rekonesans, nou ta dwe.

29 Mwen pa gen dezi mete pwòp tèt pa m nan kèk eksperyans. Men senpleman jan sa vini nan panse m nan, m sonje gwo tès final sa ke m te genyen nan eksperyans Kreyèn

mwen, se te byen lwen nan lopital laba nan Spring Hill. Lè madanm mwen te blayi nan mòg anba la, yon kadav, e manzè te fèk mouri kite vi sa a, al jwenn Bondye. Tès ak eprèv yo t ap vini! Pa jis yon moun ki t ap di, "Billy, ou se yon fanatik." Sinon, sa patap yon bon tès. Epi lòt ti eprèv sa yo, e latriye, ak kritik ki te vin de moun m ap travay avèk yo, se pat vrèman yon tès. Men gwo moman tès mwen te rive lè doktè a, Adair (ke m te raple sa yè nan lopital la lè nou te ansanm), pou di, "Billy, ti bebe w la pral mouri, e li pa gen yon sèl chans pou l viv. Li te atenn ak menenjit tibèkiloz."

M te reponn, "Se pa sa sèten, doktè!" E manman l te blayi la, yon kadav!

30 E mwen t ap antre. Li te di, "Jis vin avè m." E nou te antre nan laboratwa a, epi la li te pran yon ti tib an vit, li te sekwe l. E te sanble te gen yon tras ladann. Li te di, "Sa se jèm menenjit la e li nan ti bebe a. Yo te retire sa nan kolòn vètebral la, pou anpeche sekous yo." E l te di, "Nan sa, nou jwenn ke se menenjit tibèkiloz." Li te di, "Li te pran l de manman l." E li te ajoute, "Si ti bebe sa ta gen pou viv, li t ap enfim, aflije. Men," li te di, "ak misèrikòd Bondye, ti bebe a ap avèk manman l."

M te di, "Doktè, m vle wè ti bebe a."

Li te reponn, "Ou paka fè sa Billy, akoz de Billy Paul, ti gason w lan." Li te di, "Ou t ap transmèt li jèm sa."

31 Epi, apre l te fin eseye ankouraje m pi byen ke l te kapab, lè l te kite bilding lan, m te glise antre desann nan sousòl la. Kan m te rive la, nan tan sa lopital la pat aranje jan l ye kounye a, fenèt la te louvri e pat gen moustikè, te gen kèk mouch ki te antre poze sou zye ti bagay la. M te pouse mouch yo lwen pou m te gade ti kò li, tou retresi, ak ti janm li yo ki t ap bouje devan dèyè. E m te di l, "Sharry, cheri, ou rekonèt papa?"

32 E ta sanble tankou l tap eseye voye ti men l ban mwen; li te gen apeprè uit ou nèf mwa. E m te gade l. Li t ap soufri sitèlman, yon ti bebe inosan, jiskaske youn nan ti zye bebe l yo te kwaze. Sitèlman doulè! O, m te prè pou m pran sa a tou moman, nan plas li.

33 M te mete m ajenou, ak pòt yo fèmen, e m te di, “O, Bondye, Papa, men madanm mwen etann, manman ti bebe a etann laba nan mòg kwòkmò. Men Billy Paul sou kabann lan, malad. E men ti bebe m nan, k ap mouri. Se sèten, Seyè, Ou pap pran l. Mwen renmen l. E li sanble ak manman l. Mwen vle elve l. Èske W pata vle souple, O Bondye, epaye vi bebe m lan?”

34 E pandan m t ap gade...E jan nou tout konnen an, mwen toujou wè vizyon. Ta sanble tankou yon rido nwa te kòmanse ap deplwaye, ap desann, kòmsi Bondye te pran priyè m lan pou l retounen l drèt nan figi m. E m te di, “Bondye, kisa m te fè? Èske m te vyole lwa W yo, pou m te ka jwenn pinisyon sa? Si se sa, jis revele m sa Oumenm, e m va repanti. M va fè tout bagay, men piga W pran ti bebe m lan.” E m t ap gade l ki ta prale, kanmenm, m te leve kanpe.

35 E alò tantatè a te vin kote m. Men sèl kote nan tout vi m, ke m ka sonje, ki te moman krisyal la, Jetsemane pa m nan. Lè m te ka jis apèn kranponnen kabann lan, dyab la te di, “Men ou. Se sa rekonpans ou pou ap eseye sèvi L. Ou vle di ke L pral pran jèn manman venndezan sa, etann laba tankou yon kadav nan mòg? Epi L pral pran ti bebe presye sa, pwòp chè ak san pa w? Epi balanse priyè w drèt nan figi w? E apres a ou vle di ke w ap sèvi L?”

36 M te kanpe nan mitan opinyon. Yon desizyon te dwe pran. Alò m te mete men m sou ti tèt li, m te di, “Seyè a te bay, Seyè a te repann, ke Non Seyè a beni!” Mwen te santi m soulaje.

37 M te di, “Sharry, cheri, Papa paka al kote w ye kounye a, men Papa ka ale yon jou. M ap depoze w nan bra Manman, pou antere w, men Papa ap wè w ankò yon jou.”

38 Mesye Isler, ki chita la kounye a pwobableman (M paka wè byen atravè foul la), ansyen senatè leta isit la nan Indiana. Mwen t ap monte sou Otowout la. Mesye Isler, m kwè ou ka byen sonje sa.

39 M te gen menm yo dèyè do m, ap monte al sou tonb yo, jis apre inondasyon an, ap kriye. M te konn abitye monte la nan aswè. Yon vye toutrèl te konn la nan pyebwa a, pou ap chante pou mwen. Ta sanble sa te konn soti ap desann atravè briz pyebwa ak pye pen sa yo, ta sanble tankou kantik lan t ap mimire atravè l, pou ap chante:

*Gen yon Peyi byen lwen rivyè,*

*Ke n rele dousè pou tout tan,*

*Nou atenn riv sa sèlman nan dekrè lafwa;*

*Youn pa youn nou pran pòtay la,*

*Pou viv la ak imòtèl yo,*

*Yon jou klòch annò va sonnen pou mwen avè w.*

40 Mesye Isler, t ap kondui vye twòk li a, li te sote desann, te met men l nan kou m. Li te di, "M tande w ap preche nan kwen lari a, Billy; m te konn wè w kanpe nan tabènak la; m te konn tande w ap chante kantik; jan w te konn egzalte Kris, sa w te konn di Li te ye!" Li te di, "La Li te pran papa w, frè w, madanm ak ti bebe w." Li te di, "Kounye a kisa Li reprezante pou ou?"

41 Mwen te reponn, "Mesye Isler, menmsi L t ap voye m nan rejyon moun pèdi yo, mwen t ap toujou renmen L! Paske, yon jou, byen lwen anba a nan yon vye gwòt chabon, yon bagay te rive la nan kè m, ke anyen paka efase. Se pa anyen m te fè. Se te gras Bondye ki te kenbe m nan moman grann desizyon an!"

42 E kan Seyè beni nou an, nan Jetsemane, kan L ta pral la, lè Li te re-...pou yo te rejte L nan Lavil Jerizalèm, e ke konsèy la ta pral pran lavi L, lè destinasyon Etènèl chak nanm, ki te janm egziste oswa t ap gen pou vin sou tè a, te repoze sou desizyon pa L.

43 O, ala piti pa m nan te piti, konpare a sa! Ala piti pa w la te ye, an konparezon a sa! Sa fè tèlman pitye ke nou paka sipòte ti bagay sa yo!



44 Men nan gran moman krisyal sa, jouk Li te soufri, konsyan de tout bagay, jiskaske dlo ak San te separe nan kò L, epi gwo gout swe tankou San te tonbe sot nan fwon L. Lanmò te plis frape L Jetsemane ke sou kwa a pou Li.

45 Li te jis rive nan pwèn evènman sa, jis anvan gwo batay la te kòmanse, e Li te pran kominyon. Li te reyini disip Li yo ansanm, pou ap repale sou dè bagay avèk yo.

46 E sa se fason Li fè avèk mwenmenm avè w, jis anvan gwo batay lavi a kòmanse. Anvan gwo batay vrè ak fo a kòmanse pou ap fè raj lan nou, Bondye mennen nou Jetsemane. Li mennen nou nan kominyon an, e Li regle sa avèk nou.

47 Byen lwen nan Phoenix, Arizona, te gen yon ti triyo ki te konn abitye chante pou mwen, “M ta renmen pale sou sa avèk Jezi. M ta renmen di, ‘Jezi, Ou te renmen m lè santye m te vin etwat. Lè l te fè tèlman sonb ke m patka wè pi lwen, Ou te renmen m lè l te fè sonb.” E ti kantik lan te kontinye pou di, ke, “M ta renmen pale sou sa.”

48 E se yon bon bagay ke gason ak fanm sou tè sa, ka estope nan long vwayaj lavi a, pou regle sa avèk Jezi, gen kominyon avè L, nan yon fratènite. Lè sa batay la kòmanse, pou tè ak eprè. “Chak pitit ki vin jwenn Bondye, dwe teste.”

49 Kounye a, kominyon se pa...erè...yo pa bay li nan bi ke anpil moun panse a. Gen yon legliz denominasyon ki anseye, ke kominyon rele “extrèm onksyon,” ki gen rapò ak sali. Kominyon pa gen rapò ak sali. Kominyon pa ba w sali. Ke w pran l pandan w ap mouri, ou—ou kwakseswa, sa pa gen anyen pou wè avèk sali w.

50 Se yon rapèl. Jezi di, nan Levanjil, Li di, “Fè sa an souvni Mwen.” Pa ke sa ap panche oswa endike sali, men se an souvni de yon travay ki fini ki te fèt nan ou, pa Sentespri a. Se yon komemorasyon.

51 Bon gen anpil ki pran kominyon, ki pa sove. Anpil manje ayo paskal la epi yo te mouri nan dezè a. E anpil ki pran kominyon, jodi a, p ap janm wè Bondye.

52 Men ou pa ka yon patisipan nan sali Li a epi pou w pa wè L, paske sali se yon don Bondye. E kominyon se komemorasyon gran Sakrifis ki tou sifi nèt la ki te fèt pou sali sa. Se pou lese moun yo wè ke nou kwè nan lanmò, antèman ak rezirèksyon Seyè Jezikri a. Sa reprezante yon travay ki fini.

53 Yon fwa sali a pat konplè, nan ofrann kabrit yo, mouton yo, jenis yo, nan Ansyen Testaman an, paske san Ansyen Testaman an pat ka fè ekspyasyon pou peche. Li te ka sèlman kouvri peche. Se yon endikasyon moman kote ke sa ta dwe fini. Demen swa nou gen pou n jis vin sou sa. Men se te sèlman yon tip.

54 Men lè Jezi te vini, epi san Li te vèse sou Kalvè a, se te yon divòs total avèk peche. Li te elwaye peche. Se sèl mwayen sali. Se pa yon kesyon de fè w manm legliz, ni gen lèt kominyon fratènèl, pa gen zafè rityèl batèm, ni lakominyon, oswa anyen kòm rityèl, oswa okenn atik ke Bondye te kite, kòm atik ki gen rapò ak sali; tout sa se pou komemore yon travay ki fini!

55 Batèm dlo pa sove w, jan anpil moun panse l ap fè l pafwa. Batèm dlo se pou komemore lanmò, ansevelisman, ak rezirèksyon Seyè a. Li pa sove w.

56 Kominyon se pou komemore gwo agoni Li a ak depa Li, ak kò L ki te brize, epi San Li ki te koule. Se pa San literal la, se pa kò literal la; men se pou komemore kò literal Li, ak San presye Li. E nou pran sa kòm yon òdonans, e Jezi rekòmande nou pou nou fè l. Toutotan Li poko vini, nou dwe pran l.

57 Nou gen yon bèl gran pòtrè la nan Liv, nan Epit Ebre yo, nan chapit 7 la. M ta renmen li jis yon ti kote nan Ebre 7, pou jwenn yon kontèks ki ale avèk sa.

*Mèlkisedèk sa a, se te wa peyi Salèm, yon prèt ki t ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. Lè Abraram t ap tounen lakay li, apre li te fin kraze kèk wa nan yon batay, Mèlkisedèk vin kontre l, li ba l benediksyon.*

*Lè sa a, Abraram separe ba li yon dizyèm nan tou sa li te pran. Non Mèlkisedèk la gen de sans. Nan yon premye sans, li vle di Wa ki bay jistis la. Men, akòz li te wa peyi Salèm, li gen yon dezyèm sans. Li vle di tou Wa ki bay kè poze a.*

58 Remake, nou vle retounen, epi reflechi. Isi a Pòl ap fè referans a yon pèsonaj ki nan Ansyen Testaman. Nan Liv Jenèz la, nou pran lavi Abraham, apati chapit 12 Jenèz la. Bondye bay Abraham pwomès la, epi atravè Abraham Semans ki jis la ta gen pou vini. E Abraham, kòm anpil moun kwè li te yon Jwif, li pat sa. Abraham te yon Moun lòt Nasyon yo, li te moun Kalde nan vil Ur. E li te vin sèvitè Bondye, pa paske li te diferan de okenn lòt moun, men akòz eleksyon Bondye.

59 Ou pa sove paske w se yon bon moun. Ou sove paske Kris te chwazi w. Pa gen okenn moun k ap chache Bondye; se Bondye k ap chache moun. Jezi di: “Okenn moun pa ka vin jwenn Mwen sof si Papa M atire l an premye.” E si nou te ka rete pandan yon ti moman epi reyalize gran enpòtans bagay sa sèlman, ke se te Bondye ki te chwazi w, Li pat vle ke ou peri; men Li te ba w opòtinite, epi Li te rele w, epi Li te eli w pou w ka vin sèvitè L. Ebyen, kisa ki te ka pi presye ke sa? San ke w pa gen yon chwa! Li t ap totalman enposib pou nenpòt moun lan pou l chache Bondye, paske, pa nati, li se yon pechè, e li pa gen anyen nan li pou ba l dezi sèvi Bondye.

60 Èske w ta ka ale bò kot kochon an pou di l ke li nan erè? Li se yon kochon, pa nati. Èske w ta ka di l rejim alimantè li pa bon? Sètènman non. Pa nati, li se yon kochon. Ou ta mèt vle di l li ta dwe yon ayo, men li satisfè antan ke kochon.

E yon pechè satisfè antan ke pechè, paske nati li se yon pechè.

61 E men ni! “Nou tout fèt nan peche, fòme nan inikite, nou vini nan lemonn tou ap bay manti;” pa nati, yon timoun ki an rebelyon, san Bondye, san lespwa, kolè Bondye demere anwo nou. E grasa lanmou Kris, Bondye, nan gras souverèn Li ak omnipotans Li, frape nan kè w epi ba ou opòtinite beni an, epi fè w fè demitou, epi voye w sou wout la. Kouman w ta fè rejte sa? Li chanje tout dezi w nèt, fè w fè demitou, epi fè w kòmanse lòt fason an! O, ou pral parèt ridikil, dapre mond lan; men ou va beni, nan je Bondye. “Sila yo ki grangou epi ki swaf pou lajistis va kontan, paske yo va ranpli,” se sa Seyè Jezikri nou an di. Bondye, nan gras etonan Li!

62 Remake, se sa Bondye te fè, sa Bondye te rele yo. Ou pat gen okenn volonte pou rele. Ou pat ka gen okenn dezi pou w rele, paske nati ou te konplètman kontrè avè L. Men

Bondye, pa eleksyon, te rele w epi te fè w fè demitou, epi Li te fikse afeksyon w yo sou Kris ak bagay ki Anwo yo. Kouman nou te ka rejte Sa?

63 Alò Bondye te montre, nan Abraham, kisa Li ta gen pou fè pou tout. Non sèlman pwomès beni rezirèksyon ak Lavi Etènèl sa te bay a Abraham, men a Posterite l, Aple yo, Eli Bondye yo.

64 E nou remake ke, Abraham deyò nan chan an kote li te abite a. Frè li a, li te rele l, Lòt; se te reyèlman neve li, pitit frè li. E tan an rive pou tès la. E Lòt te febli anba tès la. Li se yon imaj pafè de kwayan chanèl la jodi a. Lè tès yo rive, pou rete nan teren enfètil la, Abraham ba l fè chwa li. Epi Lòt leve je li epi li wè teren yo, vale yo, epi li te ranpli ak zèb. Li te ranpli ak bèl kay. Li te ranpli ak gete. Li te ranpli ak peche. Men Lòt, paske l te gen yon nati chanèl, li te renmen mond prezan an plis pase bagay ki gen pou vini yo, li te chwazi pito pou viv nan liks nan lavi sa, pase pou l te gen Lavi k ap vin apre a.

65 Abraham, yon tip pafè vrè kwayan ki te lave nan San Ayo a, li te sila ki te gen afeksyon l yo fikse sou bagay ki anwo yo, li te di: “M ap pran chemen an avèk ti gwoup meprize Seyè a. Pe enpòt sa koute m popilarite m, kèlkeswa sa l koute a, m ap pran chemen an avèk ti gwoup Seyè a.” E li te chwazi rete nan peyi kote Bondye te plase l la, anba tès tan an.

66 M ap mande m aswè a si m ap pale ak moun ki yon fwa te kòmanse mache ak Bondye, epi, lè moman tès la rive, nou chwazi pito pou retounen nan lemonn epi fè bagay mond lan, oswa èske nou te pran ansyen chemen difisil sali a?

67 Èske nou te fè tankou Moyiz, lè li te anba tès, lè li te gen pye l sou twòn Lejip la? “Men li te estime richès Kris la pi gran trezò ke tout richès Lejip la.” Li te abandone Lejip, li pat bay enpòtans a kantite lò, konbyen popilè...Li te pran Bondye sou Pawòl Li epi li te abandone bagay an Ejip yo, li te estime opwòb Kris la pi gran richès pase trezò Ejip yo.

68 Kisa nou fè anba tès, lè eprèv difisil yo rive? Lè yo di poutèt ou separe tèt ou de bagay mond lan, ke ou se yon fanatik relijye, èske gen tansyon ki vini? Li dwe vini, e ou dwe fè chwa w.

69 Men mwen ta prefere rete anba lonbraj Toupwisan an, mwen ta prefere fè wout mwen e, tankou Jakòb, pran yon wòch kòm zorye. M ta prefere ke mond lan konsidere m kòm, “yon fanatik,” pase pou m ta genyen tout richès ak benediksyon ke mond sa ta ka an mezi pou bay. Paske benediksyon Bondye yo pi gran pase tout richès ak lò epi ajan monn sa! Bon remake.

70 Alò lè gran tès la vini, Lòt te glise desann nan peche. Sonje, li te kite montay la, pou ale nan plèn lan. Li te retwograde, tankou...Yon reprezantan pafè de kretyente chanèl la jodi a, swadizan an, ki chwazi pito pou pran wout ki fasil la, kabann ki òne ak flè yo, olye pou l rete fidèl nan tan eprèv. E li te finalman tonbe nan twoub.

71 E sa va rive w tou. Lè w chwazi kabann fasil ki gen plim sa, sonje, ou pral tonbe nan twoub, yon bagay. “Peche w yo va ratrape w!” E Bondye va ratrape w, yon jou.

72 Epi yon jou yon wa, wa Moun Nasyon yo ki sot nan yon gran rejyon byen lwen, te vini epi te pran Lòt ak pitit li yo, madanm li ak tout sa l te genyen, epi yo te pati avèk yo.

73 E yon jou, zanmi frajil mwen an, si w pa rete anba San an, wayòm Satan yo va venk ou epi pote w ale, si w pa rete anba San an.

74 Epi Abraham, yon tip jis la, li te sitèlman enkyè pou neve l la, yon reprezantan de sa ki reyèl la, vrè Kretyen ki teste epi ki epwouve a.

75 Bon, fanm yo te gen anpil bagay pou wè ak sa. Madanm Lòt te chanèl, trè chanèl. Li kanpe jodi a la nan teren an, antan ke yon kolòn sèl, tankou yon disgras, pou sila yo k ap pase la a.

76 Sara, yon bèl fanm, li te vle fè sa Bondye te vle l fè. Li te respekte mari li; kòm, nou te pale definitivman sou sa dènye jou swa a. E li te rete ak Abraham, kèlkeswa sa k te vini oswa k te pati a. Manzè te rete avè l paske li te rete ak pwomès la. Se bagay la sa.

77 Alò lè yo te pote Lòt ale, kè Abraham te fè l mal pou li. Epi li te rasanble yon ame avèk pwòp sèvitè l yo, epi li t al chache frè l la. E sa se yon trè bèl tip. Yo te pran epe yo epi yo te rache wa sa yo, jouk pat rete yon sèl ladan yo.

78 E sa se tip de predikatè Levanjil, lè li wè peche sa atrape legliz li epi atrape moun yo. Li pran ansyen Levanjil beni a, Epe Lespri a, epi li rache li epi rache li, jouk li koupe peche a fè l soti nan legliz la, si l se yon vrè sèvitè Bondye. Li disparèt tout sotiz la, bavadaj la, medizans lan. Li disparèt tout bagay sa yo ak nati chanèl mond lan ki te rann legliz la enfim, si l se yon vrè sèvitè Bondye. Li pran Pawòl la, epi li rache l de yon bout a yon lòt, jiskaske li koupe tout bagay la nèt.

79 E answit lè li te jwenn Lòt, frè l ki te retwograde a, ak timoun yo, epi li te mennen yo tounen nan rekonsilyasyon an, remake, gran Wa sa te soti Jerizalèm, pou vin rankontre li. Mèlkisedèk! Ki kalite Moun Li te ye? Yo te rele L “Wa Salèm lan.” Sa ki vle di, nenpòt entelektiyèl konnen ke *Salèm* se te “Jerizalèm.” Li te rele Salèm anvan li te rele Jerizalèm. Kilès Nonm sa ki te rankontre l la, ki te panse ke li te fè yon bon bagay la? Kilès Moun sa ki te kanpe bò kote l la? Obsève Kilès Li te ye.

...*Li se Wa Jerizalèm, epi Li se Wa Lapè* tou;

Vèsè twa a:

*San papa, san manman, san jeneyaloji, san konmansman jou, oswa san fen lavi;...*

Kilès gran Prens sa ki te rankontre l lè batay la te fini an? Ann ale nan Jenèz, vèsè 14 la...chapit 14 la ak vèsè 18 la.

*E Mèlkisedèk wa Salèm te pote pen ak diven...*

*...beni li, epi di: Beni...Bondye trè wo a, ki prezève*

*syèl yo ak tè a: e se pou Abraham sèvitè Li beni.*

80 Lè batay la fini, lè viktwa a fin ranpòte, apre pij la fin fèt, Mèlkisedèk te rankontre Abraham nan plèn yo, epi Li te pote pen ak diven, epi Li te sèvi l li.

Epi kilès sa? Okenn lòt ke Sila ki te rankontre Abraham anviwon yon lane anvan sa, ki te chita anba pyebwa a epi ki te pale avè l.

81 E menm Mèlkisedèk sa te di, “Mwen pap pran fwi viy sa ankò jiskaske M va bwè l a nouvo avèk nou, nan Wayòm Papa M nan, apre batay la fini, lè viktwa a va ranpòte.” Lè sa nou va pran l a nouvo nan Wayòm Li an, kan dènye batay la va livre. Kan dènye epe a va touye dènye mechan mond lan, epi gwo Legliz Bondye vivan an va triyonfe, Kris va rankontre yo anlè a, avèk pen ak diven, ankò, pou pran kominyon, e pou Letènite nan Prezans Papa a.

82 O, peleren fatigue, aswè a, retounen Kay Papa a. Monte kite Sodòm! Yo te rekonsilye nou avèk San an. E nwit souvni gloriye sa a, lè gran Mèlkisedèk nou an, Ki pat gen ni kòmansman jou ni fen lavi, men ki se Wa ak Prens pou toujou e pou toujou.

83 Sentespri a isit la aswè a ap koutize sa k pa sove a, kounye a si w san Kris aswè a. E lè batay la va fini, si w vle rankontre L an pè pou pran kominyon avè L, epi ou te pwomèt ke ou renmen L, epi w te separe tèt ou de bagay mond lan. Pran vye kwa mabyal Levanjil la ak fason mabyal a lansyèn mòd la, pou bwè koup amè pèsekisyon mond lan, ak bwè dròg amè pèsekisyon mond lan; Bib la te pwomèt ke nou va bwè diven dous Syèl la yon jou, lè nou va rankontre L an pè byen lwen ant Syèl e tè, kan L va vini pou sèvi kominyon an. [Espas vid sou bann lan—Editè a.]

84 Ke kè nou ap panse anpil a sa, “Mwen va bwè l a nouvo avèk nou, nan Wayòm Papa M.” Si L ta dwe vini anvan yon lòt sezon Pak, si w ta dwe mouri anvan yon lòt sezon Pak, sa patap deranje gran evènman sa. Paske mwen di, dapre Pawòl Seyè a, ke sila yo k ap dòmi an Kris va vini an premye. E noumenm ki an vi e ki rete nou va monte avèk yo, ansanm, anlè a, pou rankontre Seyè a. E gran Mèlkisedèk Syèl la, Wa non pa Jerizalèm natirèl la, men Wa Jerizalèm Selès la, Nouvo Jerizalèm lan, va rankontre nou, e yo va sèvi nou ankò diven ak pen.

85 Aswè a nou oblije pran senbòl bagay sa. Nou oblije fè l jiskaske n al jwenn Li k ap retounen. Ke yo kapab jwenn nou fidèl pandan n ap bese tèt nou jis yon moman, pou yon mo priyè.

86 Tout moun rete osi trankil posib, nan moman sen, pi solanèl sa a. Ala sa fasil pou kite bagay sa yo glise! Bib la di, “Pa krentif pou nou pa kite bagay sa yo glise, epi neglije yon si gran sali.” Se sitèlman fasil pou bliye sa. Nou pa vin legliz pou yo wè nou. Nou pa vini pou tande bèl chante oswa bon predikasyon. Nou vin legliz pou adore, pou adore Bondye.

87 E nou chak, èt mòtèl nou gen yon nanm ki dwe rankontre L yon jou. E alavèy gwo jou krisifiksyon sa, an memwa Li Ki tapral kite, aswè a, si w pa yon Kreyen, ou pat janm aksepte Kris nan lavi w kòm Sovè, èske w te konvenki ase ak predikasyon Pawòl la, epi èske Sentespri a kanpe bò kote w pou ap di, “Ou koupab. Kounye a vire tounen e kòmanse lòt chemen an”? Èske w ap fè menm deklarasyon an ak leve men w, pou ap di, “Frè Branham priye pou mwen. Mwen mande priyè ou pou Bondye gen pitye pou mwen”? [Espas vid sou bann lan—Editè a.] Èske w vle leve men w pandan n ap tann lan? Bondye beni w, mesye. Yon lòt moun?

Bondye beni w. Bondye beni w, mesye. Bondye beni w, ti pitit sa. Bondye beni w. Èske yon moun...? Bondye beni w, madam.

88 Ou di, “Frè Branham èske sa vle di yon bagay pou m leve men m?” Jis diferans ant lanmò e Lavi. Kisa ki pi gran ke Lavi? Ou renmen...gade lanati. Ou renmen l; ou deteste elwaye w de li.

89 Jis lòtbò lari a, la, kan madanm frè m lan t ap mouri, yon maten sa fè lontan, kan pòv ti Ruth te leve tèt li, e te gen yon ti zwazo wouj gòj ki te poze sou yon pye seriz, li te vle wè l yon dènye fwa...Ala renmen li te renmen lanati. Men yon jou lè Jezi ap vini, li va tande zwazo Etènite yo k ap chante. Flè imòtèl yo va grandi. Pap gen maladi, tritès, ou lanmò, paske li te fè lapè ak Bondye pou l te aksepte gran Kris sa Ki te mouri pou li. Ak

asirans beni sa Ki paka fayi, Pawòl beni Bondye a Ki paka manti, te pwomèt Lavi Etènèl a sila yo ki te kwè. Kan w leve men w, sa montre ke yon espri anndan w te pran yon desizyon. Bondye beni w, madam.

90 Yon bagay nan ou, yon–yon espri...Natirèlman, men w yo te fèt pou rete pandye desann, e lè w leve men w ou defye lwa gravite a limenm. Sa dwe sinatirèl. Se–se kontrè a lasyans...kontrè ak tout bagay syantifik pou w brize lwa gravite a. Sa paka fèt sof si gen yon bagay sinatirèl. Men w yo t ap kontinye pandye desann. Men si, nan kwè w, ou kwè istwa Levanjil epi ou te pran desizyon w aswè sa, ke ou te fini avèk peche, ak bèl apwòch sa sou Kalvè alòske demen, a twazè, an souvni, n ap selebre jou Jezi te mouri pou sali w...E ou te panse ase a sa e Sentespri a te vini e L te frape nan kè w, e kounye a ou te aksepte l...

91 Ou senpleman...yon bagay nan kè w di, “Leve men w.” Sa montre pou moun yo, e pou Bondye, ke ou kwè l e ou aksepte l. Bondye beni w, nou tout timoun piti yo: twa ou kat nan yo isit la a lotèl, ti gason ak ti fi apeprè uitan, dizan, yo tout leve men yo on sèl kou. Jezi di, “Kite timoun piti yo vin jwenn mwen. Piga n anpeche yo, paske se a sa Wayòm lan sanble.” Èske gen yon lòt anvan nou priye?

92 Bondye beni w, madam. Sa se yon veritab...Ou ka petèt te fè anpil lòt bagay nan vi w, madam. Sa a te rèyèl; mwen kwè ou se yon–yon fanm onèt. E sonje, ou patap ka leve men w, chè sè, sof si yon bagay anndan w, yon bagay anba nèt nan ou pat di, “Fè sa.” Sa ka sanble jis on tijan fou kounye a pou panse chanèl, men frè, jou sa kan doktè a va al fè wout li kite pòt la pou di, “Se fini.” Kan l va pati kite vye anvlòp sa pou y ap rale soti ti kò frèl ou a, san an k ap koule ak kè w k ap bat fèb, “Pa gen rezon pou ap fè foli avèk yo; yo fini.” O, lala. E an panik nan inèdtan w ap eseye repanti, E Bondye k ap di, “Nan kalamite w yo M ap sèlman ri.” men pandan w la ak bon sans ou, pandan ou...[Espas vid sou bann lan—Editè a.]

93 Papa, pandan n ap fini ak mesaj sa, e ke mwason an se apeprè kenz moun, ki leve men yo, se te dè pechè tout vi yo. E kounye a, avèk gras, Ou te pale avèk yo, te fè yo vire tounen e Ou te pèmèt yo fè fas a Kalvè, ap tandè Pawòl sa yo ki te soti nan bouch Fis de Dye a, “Papa, padone yo, yo pat konn sa yo t ap fè a.” men aswè a yo te resevwa Levanjil. Nou tandè L di, kèk jou anvan sa, “Sila ki koute Pawòl Mwen, e ki kwè nan Sila ki voye M nan, gen Lavi san fen an; e yo pap vin nan jijman, men yo pase de lanmò a Lavi.” [Espas vid sou bann lan—Editè a.]

94 Nou prezante yo ba Ou aswè a, Seyè, antan ke pitit Ou. Pèmèt ke benediksyon Etènèl Ou yo repoze sou yo, lan Non Kris nou priye. Ke yo vini Dimanch maten, pou ap plwaye rad yo, ap di, “Mwen vle yon konfesyon piblik bay mond sa, ke m se yon kwayan. Mwen gen dezi batize kounye a lan Non Seyè Jezikri; pou ap envoke L pou ranpli m ak Sentespri a, pou ap pran swen mwen atravè lavi.”

95 Beni jèn medam sa yo, jèn gason sa yo, sa k aje, timoun piti yo, yo tout, pran swen yo, Papa, yo pou Ou. Epi nan rekòl mesaj sa aswè a, mwen prezante yo ba Ou, kòm atribi. Yo nan men W, kòm kado damou ki vin de Bondye, Papa a. Mwen priyeke W va pran swen yo atravè lavi. Lan Non Jezi m priye. Amèn...?...

96 Nou kontan anpil pou genyen w isit la aswè a, e nou kontan ke w te vini. E demen swa, Mesaj nou, pou demen swa, se: Pèfeksyon Kwayan An. Bon vini, mennen yon moun avèk ou, si pwòp legliz ou pa gen sèvis.

97 E kounye a nou pral sèvi kominyon an. Petèt kèk lan nou...M jis on ti jan an reta, de kèk minit, nou pral bay konje a sa yo ki dwe ale.

98 E sa yo ki vle rete pou pran kominyon ak lavman dè pye avèk nou, nou kwè absoliman nan fè chak jès ke Jezi te kite pou nou fè. E si L ap vini nan jenerasyon pa m lan, epi kite m rete ak tout bon sans mwen pou ap gade lanmou L nan kè m, m ap eseye fè sa ki mye pou akonpli yo chak, epi rete fidèl nan pòs travay mwen. Bondye beni nou kounye a.

